


Kijan pou w pran Vaksen Johnson & Johnson lan

Etandone vaksen COVID-19 lan fenk parèt, ou kapab poze tèt ou kesyon a kisa pou atann ou, pandan, ak aprè ou fin pran vaksen an (piki). Itilize dokiman sa a pou jwenn plis enfòmasyon epi pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN si ou gen plis kesyon.

A kisa pou w atann ou:

Avan ou pran vaksen an:

- Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN pou w konnen si gen yon vaksen COVID-19 ki rekòmande pou ou nan moman sa a.
- Si ou gen kesyon sou vaksen an, tanpri poze nou yo!
Nou la pou ede ou.



Kilè w ap ka pran vaksen an:

- Yon doktè oswa yon enfimyè CHN pral ba ou:
 - Yon dokiman k ap eksplike ki vaksen COVID-19 w ap pran.
 - Yon fòm konsantman. Enfòmasyon w ap bay nan fòm sa a, tankou laj ou ak dat nesans ou, yo pral anrejistre yo nan Biwo Vaksinasyon Ministè Sante ki nan Vil New York.
- Yo pral ba w piki a nan zepòl ou.

Aprè ou fin pran vaksen an:

- Ofiramezi n ap resevwa plis enfòmasyon sou kijan vaksen an ap aji sou moun yo, li enpòtan pou ou kontinye pwoteje tèt ou ansanm ak lòt moun pou nou pa pran COVID-19 lè n ap:
 - Mete yon mas ki kouvri nen ak bouch lè ou nan piblik.
 - Kenbe yon distans sosyal omwen 6 pye ak lòt moun yo.
 - Lave men ou yo souvan.
 - Pa ale kote ki gen foul moun.

Èske vaksen an gen efè segondè?

- **Ou kapab gen kèk efè segondè aprè w fin pran vaksen an.** Efè segondè sa yo se siy ki montre kò w ap pwoteje li kont COVID-19. Ou ka santi w gripe, men efè segondè yo ta dwe disparèt nan kèk jou sèlman.



Kèk nan efè segondè moun gen souvan yo:

- Doulè oswa anflamasyon kote w te pran piki a
- Tèt fè mal
- Gwo fatig
- Doulè nan misk
- Lafyè
- Kè plen

*Kèk siy yon reyaksyon alèjik grav:

- Pwoblèm pou respire
- Anfle nan figi oswa nan gòj
- Kè k ap bat vit
- Move gratèl sou tout kò ou
- Toudisman
- Feblès

***Gen yon ti chans pou vaksen an lakòz yon reyaksyon alèjik serye.** Reyaksyon sa yo ka rive kèk minit a inèdtan apre ou fin pran vaksen an. Pou rezon sa a, yon doktè oswa enfimyè CHN ka mande w rete nan sant la pou yon moman apre asire li ou pa gen yon reyaksyon.



Enfòmasyon Enpòtan pou Sekirite ou: Gen yon lyen posib ant vaksen Johnson & Johnson lan ak yon kalite kayo nan san ki ra epi ki grav anpil. **Al chèche swen medikal touswit si ou gen youn oswa plis nan sentòm sa yo 3 semèn apre ou fin pran vaksen an:**

- Gwo tèt fè mal oswa tèt fè mal san rete, ou wè twoub, ou gen souf kout, doulè nan pwatrin, janm anfle, vant fè mal, epi ou blese fasil oswa ou gen ti mak san anba po a kote yo te ba ou piki a.

Ki moun mwen dwe kontakte si mwen gen efè segondè?

- Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN konsènan efè segondè yo si ou genyen aprè w fin pran vaksen an.
- Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) mete kèk zouti sou pye pou deklare efè segondè ou genyen yo ansanm ak lòt enfòmasyon sou eksperyans ou fè aprè w fin pran vaksen an. Zouti sa yo ede yo analize kijan vaksen an aji sou moun yo.

V-safe se yon zouti ou kapab itilize sou telefòn entèlijan ou an pou deklare tout efè segondè yo.

- Lè w ap enskri nan V-safe, li pral mande pou rantrè nimewo telefòn ou. Konsa ou kapab resevwa mesaj tèks (SMS) ak bilan sante pou konnen kijan w ye aprè w fin pran vaksen an. Yo pral pwoteje tout enfòmasyon pèsònèl ou rantrè nan V-safe.
- **Li pa obligatwa pou gen V-safe. Se ou menm ki konnen si w vle enskri.** Si w pa deside itilize V-safe, enfòmasyon yon doktè oswa yon enfimyè CHN imedyatman si w gen efè segondè ki grav aprè w fin pran vaksen an.
- Pasyan ak pwofesyonèl swen sante yo kapab itilize **Sistèm Swivi Efè Negatif Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS)** pou deklare efè segondè yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou vaers.hhs.gov/reportevent.html



Ale sou www.cdc.gov/vsafe oswa itilize kòd QR lan sou telefòn entelijan ou an pou jwenn plis enfòmasyon